

Byenvini O Kanada



TRAVAY O KANADA



Jwenn travay kapab difisil, e sa pran tan tou. Òganizasyon k ap ede moun tabli kapab ede w tou. Òganizasyon sa yo ofri plizyè pwogram ak sèvis pou ede moun ki fenk vini yo prepare pou travay epi jwenn yon travay aprè yon fin rive o Kanada. Pou w jwenn yon òganizasyon nan kominate ou a, ale sou sit : [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous](#) (paj wèb sa a an anglè e an fransè).

PREPARE POU W TRAVAY O KANADA

O Kanada, gen sèten djòb ki règlemente, sa vle di wap bezwen yon lisans oubyen yon sètifica espesyal avan ou ka travay nan domèn sa yo. Chak pwovens oubyen tèritwa gen pwòp egzijans pou lisans ak sètifica pa li pou djòb ki reglemente yo. Alò li enpòtan pou ou konprann ki demach ki nesesè nan pwovens ak tèritwa kote w vle viv la.

Si ou vle travay nan pwofesyon reglemente o Kanada, **kòmanse demach pou rekonesans diplòm ou bonè**, anvan menm ou rive o Kanada.

Pote oriijinal tout dokiman ki enpòtan pou ou ak tout fanmi w. Pou w aprann plis sou ki dokiman pou w rasanble avan ou rive, ale sou sit : [À la frontière : les documents nécessaires](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

Si ou paka jwenn travay sou pwofesyon ou, panse sou kòman konpetans ou genyen kapab adapte nan lòt kalite djòb ak pwofesyon, oubyen ou ka kòmanse pwòp biznis pa w tou.

Pou ou aprann plis sou kòman pou w prepare pou travay e jwenn djòb nan Kanada, osibyen sou kòman pou w fè rekonesans diplòm ou, kontakte òganizasyon kap ede w tabli nan kominate a, oubyen al gade : [Trouver un emploi est du travail en soi](#) (vidéo disponib an anglè e an fransè).

Alike pou yon Nimewo Asirans Sosyal. Ou bezwen l pou w ka travay o Kanada. Ou ka jwenn yon nimewo NAS pwovizwa pou yon ti tan. Pa bay nenpòt moun nimewo NAS ou, amwens ke ou sèten se pou yon rezon legal. Si yon moun ta mande w nimewo NAS ou, mande l poukisa. Pou w aprann plis sou sa, ale sou sit : [Numéro d'assurance sociale – Aperçu](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

O Kanada, li ilegal pou yo trete yon moun yon fason diferan, oubyen pou yo pa anplwaye li paske li se yon fi ou byen yon gason, oubyen akoz nasyonalite li, ras li, reliyon li, laj li oubyen akoz oryantasyon seksyèl li.



Immigration, Refugees
and Citizenship Canada

Immigration, Réfugiés
et Citoyenneté Canada

Canada


KONPETANS

Chache konnen ki kalite konpetans ak eksperyans travay ke yo mande pou djòb ki enterese w yo.

Pou w jwenn yon djòb nan Kanada men kèk konpetans ki nesesè : kapasite nan komunikasyon, ou se yon moun yo ka konte sou li, ou boule byen ak kòlèg travay ou yo, ou aprann vit e ou adapte w a kilti travay la.

Majorite travay o Kanada mande pou w konn pale, li ak ekri anglè oubyen fransè. Pou ou aprann plis sou kesyon aprann yon lang, al gade [*Options de formation linguistique pour les nouveaux arrivants au Canada*](#) (vidéyo a disponib an anglè ak fransè) oubyen vizite òganizasyon kap ede moun tabli nan kominote ou a.

Ou ka jwenn eksperyans travay ak bonjan konpetans nan fè travay volontè oubyen nan fè travay tanporè pou yon ti tan.



RANKONTRE NOUVO MOUN POU EDE W JWENN TRAVAY

Lè w rankontre moun epi ou fè zanmi, sa ka ede w rive konnen travay ki disponib yo. Sa rele "fè rezo". Bay tèt ou kòm volontè nan kominote ou a oubyen nan domèn pwofesyonèl ou, se yon bon fason tou pou w fè rezo e fè bonjan koneksyon.

Chache sitwèb pwofesyonèl epi kreye yon pwofil pou ou oubyen yon kont. Yo ka ede w fè rezo, devlope karyè ou ansanm ak jwenn opòtinite travay tou. Chache kontakte moun k ap travay nan òganizasyon ki entere w epi fè konesans ak yo.

Kèk òganizasyon ofri pwogram mentò ki kapab mete w an kontak ak yon moun k ap travay nan menm pwofesyon ak ou. Mentò yo kapab ede w konnen ki konpetans ak eksperyans ou bezwen pou djòb ou bezwen an.

Chache sèvis ou bezwen pou w ka tabli nan kominote ou ye a :

